# PANGLIPOER

NJA ETA

# 24 POEPOEDJIAN

BEUNANG NGARANG

## L. BORST,

DIRECTEUR „ZENDINGSKWEEKSCHOOL"

DI

BANDOENG.

PERPUSTAKAAN MUSEUM
PUSAT

XXXIV: -
676

BANDOENG
„DE VREDE"
1916.

0010-66204360
0112534961

# PANGLIPOER

NJA ETA

## 24 POEPOEDJIAN

BEUNANG NGARANG

**L. BORST,**

DIRECTEUR „ZENDINGSKWEEKSCHOOL"

DI

BANDOENG.

BANDOENG
„DE VREDE"
1916

n.d.s.
XXXIV
676
Mp 263.080

# EUSINA:


| | | | |
|---|---|---|---|
| No. | 1, | Poedji ka Allah | Katja 1 |
| „ | 2, | Pamoedji | „ 2 |
| „ | 3, | Naha maneh ĕnggeus njaho? | „ 3 |
| „ | 4, | Soekoer aja pesta Kristoes | „ 4 |
| „ | 5. | Njanjian wĕwĕdalan Goesti | „ 5 |
| „ | 6, | Poedji Allah | „ 6-7 |
| „ | 7, | Di Bet-Lehem | „ 8 |
| „ | 8, | Njanjian wĕwĕdalan Goesti | „ 9 |
| „ | 9, | Djoeroe-salamĕt noe toenggal | „ 10 |
| „ | 10 | Djoemaăh agoeng | „ 11 |
| „ | 11, | Djalma sangsara | „ 12 |
| „ | 12, | Ingĕt ka Pasir Golgota | „ 13 |
| „ | 13, | Njanjian Paska | „ 14 |
| „ | 14, | Pangangon noe sae | „ 15 |
| „ | 15, | Kaăsihan Jesoes | „ 16 |
| „ | 16, | Goesti Jesoes panjalindoengan | „ 17 |
| „ | 17, | Geura moedji | „ 18 |
| „ | 18, | Poedji ka Roh Soetji | „ 16 |
| „ | 19, | Goesti moegi ngabĕrkahan. | „ 20-21 |
| „ | 20, | Ngoearkeun Indjil di Tanah Pasoendan | „ 22 |
| „ | 21, | Di djĕro sawarga | „ 23 |
| „ | 22, | Goesti njarĕngan | „ 24 |
| „ | 23, | Bakal papanggih deui djeung doeloer-doeloer | „ 24-25-26 |
| „ | 24, | Njanjian sore | „ 27 |

# No. 1. Poedji ka Allah.

(Lagoe : . . ? . .)




2. Poedji ka Allah wirehna ngadamel moedjidjat :
Boemi djeung langit djeung waktoe, tjindekna sadjagat
Eh, mahloekna,
Koedoe bedaskeun sora,
Moedji djeung para malaikat!

3. Poedji ka Allah, Andjeunna njingkahkeun kasieun.
Moegi namina koe maneh oge disoetjikeun.
Masing rendah,
Sangkan di hate lenggah,
Allah noe kersa ngoeroeskeun.

1 - a.

## No. 2. Pamoedji.

(Lagoe: L. Borst).



5 - c.

## No. 3. Naha mâneh enggeus njaho ?

(Lagoe : . . ? . . )




2. Naha maneh enggeus njaho
sakabehna rambetoek ?
Naha maneh enggeus njaho
reana bangsa laoek ?
Eta noe mangreboe-reboe,
dirawatan estoe-estoe
koe Noe ngadamel mahloek, (2×).

3. Naha maneh enggeus milang
—sarta ngarasa heran—
baroedak anoe haroedang
isoek toer seger badan ?
Allah anoe maha moelja
ka dinja langkoeng karoenja,
maparin sandang pangan. (2×).

5 - c.

## No. 4. Soekoer aja pesta Kristoes.

(Lagoe : . . ? . . )




2. Soekoer aja pesta Kristoes,
matak lipoer ka sadaja;
Jesoes njalametkeun;
oerang dibenerkeun
nadjan pirang-pirang nja dosa.

3. Soekoer aja pesta Kristoes,
matak lipoer ka sadaja!
Kristen, geura moedji:
Allah langkoeng soetji,
maneh leupas tina doraka!

## No. 5. Njanjian wewedalan Goesti.

(Lagoe: . . ? . . )







2. Malaikat anoe soemping
ka sampalan Bet-Lehem,
ngoeningakeun ka Pangangon,
bedja kaboengahan teh.
Refr. Haleloeja, dj. t.

3. Jesoes Kristoes, Poetra moelja,
anoe djadi Radjaning
sadajana mahloek Allah,
ka Bet-Lehem geus soemping.
Refr. Haleloeja, dj. t.

4. Allah koedoe dimoeljakeun,
djeung di boemi sing kerta,
wireh Djoeroe-slamet prantos,
goemelar di Eprata.
Refr. Haleloeja, dj. t.

I - c.

## No. 6. Poedji ka Allah.

(Lagoe: F. Silcher)




Poe- dji, poe- dji, poe-dji ka Al- lah di loe-hoer! Sing ker-ta di boe-mi, reh Al-lah ka ma- noe- sa re- sep, reh
Al- lah ka ma- noe- sa re- sep.
2×
Koe- ring sa- nget nja ngan- tos ka An- djeun noen, Goes- ti,
Se- dja njang ga- keun bak- tos sa- reng se- dja moe- dji
Ka An- djeun a- noe loeng-soer Ba-ris nja-la-met-keun ma-noe-sa noe geus moen-doer, ta- re- bih ti An- djeun.

6 - c.

# No. 7. Di Bet-Lehem.

(Lagoe Inggris)







2. Nja eta Poetra Allah
noe langkoeng nja asih,
noe njandak kasenangan
adjang noe saredih.
Eh, sakoer anoe kitoe teh,
njalindoeng ka Jesoes bae!

3. Andjeunna ge ngersakeun
jen bangsa sadaja
ngareureunkeun perangna
nganjarkeun kereta,
da kabeh koedoe saroedjoed
pajoeneun Jesoes djeung soehoed.

4. Noen Goesti noe di manggoeng,
iraha Andjeun teh
koe bangsa sadajana
diakoe jen ngereh?
Soepanten eta rek moedji
ka Andjeun noe langkoeng soetji?

2 - a

## No. 8. Njanjian wewedalan Goesti

(Lagoe: J. Posthumus).







2. „Poetra teh teu nganggo
soetera woengoe,
tapi nadjan kitoe:
Radja noe estoe.
Djadi moerangkalih,
tendjokeun bae,
dina pangokopan
ebog Goesti teh.”

3. Eta Poetra loengsoer,
soemping ka doenja,
kersa njalametkeun
djalma doraka;
sakoer noe di bawah
k.wasa Setan,
tangtoe dileupaskeun,
meunang kabagdjan.

4. Geura ngamoeljakeun
ka Allah Rama!
Halatoerkeun noehoen
djeung Haleloeja!
Toer koedoe nitipkeun
diri sakoedjoer
ka Jesoes; sing pasrah
saoemoer-oemoer!

## No. 9. Djoeroe-salamet toenggal.

(Lagoe : . . ? . .)



1. Ka-a-si-han Goes-ti Je-soes hen-teu a-ja pa-da-na, ti sa-war-ga Goes-ti te roes loeng-soer ka ieu doenja. Andjeunna noe lang-





koeng soetji teu petot-petot ngilari djelema noe doraka, sangkan bresih djeung bagdja.



2 Saha anoe ngaleupasken
tina dosa noe loba ?
Saha noe jasa masihkeun
kasalametan enja ?
Di sadjagat taja deui
noe kawasa, djaba Goesti.
Andjeunna noe ngadjait
tina dosa noe pait.

## No. 10. Djoemaah agoeng.

(Lagoe: I. D. Sankey)







2. Naon noe mawi Andjeun teh dihina?
koe doemeh simkoering sok remen lepat:
teu soeka ngestokeun, ngan woengkoel njingkiran
timbalan ti Allah, noe henteu beurat.
Koe djalan sakitoe banget diwiwirang.
Andjeun njalametkeun sakoer noe tobat.

3. Pilahir Andjeun di Golgota, kieu:
„Geus tjatjap", noe mawi sakoer noe anoet,
sakoer noe pertjaja, montong sieun-sieun,
sabab tina dosa parantos loepoet.
Dosa simkoering anoe seueur katjida,
koe Andjeun, noen, Goesti, teu dipiemoet.

## No. 11. Djalma sangsara.

(Lagoe: J. Gersbach)

4 - a




2. Andjeun teh kersa nalang
pa'ina noe dosa,
dina kai-dipalang
ka Ama neneda,
mangnjajagikeun djalan
noe djol ka sawarga!
Koering 'ke dina adjal
lebetkeun ka dinja! } 2×.

6 - c

## No. 12. Inget ka Pasir Golgota.

(Lagoe: C. Klosz).







2. Andjeunna dihina disangsara
djeung dipojok sakitoe bangetna.
Eta geus kasorang koe Goesti teh.
soepaja simkoering slamet kabeh.

3. Noen. Djoeroe-salamet ajeuna mah
koering kabeh rapih sareng Rama.
Hatoer noehoen. Goesti, simkoering teh
soeka ngalampahkeun anoe sae.

4. Samalah simkoering njembah, soedjoed
di pajoenan Andjeun; sedja anoet
dina djalan noe djol ka sawarga,
milampah noe sae reh pertiaja.

3 - a

## No. 13. Njanjian Paska.

(Lagoe : H. E. Krijgsman).







2. Noen, Djoeroe-slamet noe jasa
ngelehkeun kawasa dosa,
Haleloeja! Haleloeja!
simkoering teh sajagikeun
sangkan hiroep tjaket Andjeun!
Haleloeja!

3. Ka Ama noe langkoeng moelja,
sareng ka Jesoes Poetrana,
Haleloeja! Haleloeja!
kitoe deui ka Roh Soetji,
Hajoe oerang pada moedji!
Haleloeja!

2 - c

## No. 14. Pangangon noe sae.

(Lagoe: . . ? . . .)




2. Noen, Jesoes, taja deui
noe langkoeng miasih,
sapertos Andjeun tea
ka sakoer noe sedih.
Andjeun teh moelja pisan
djeung disebat Goesti.
noe kersa njajagikeun
enggon anoe soetji.

## No. 15. Kaasihan Jesoes.

(Lagoe: . . ? . .)

5 - c




2. Jesoes teh estoe miasih
ka sakoer noe doraka,
koering ge dipikaasih
doemeh leuwih tjilaka.

3. Djeung ka koering kersa noejoen.
sangkan tetep rahajoe.
Goesti disebat Panoejoen
anoe langkoeng satoehoe.

4. Simkoering njaah ka Goesti;
moen marek di sawarga,
koe koering dipoesti-poesti
reh slamet salanggengna!

**2 - c**

## No. 16. Goesti Jesoes panjalindoengan.

(Lagoe: . . ? . . .)







2. Ka Jesoes njalindoeng, maneh teu petot
dirioeng panggoda nepi ka kolot.
Tatapi sanadjan kasoesah gede,
sing pageuh pertjaja jen leupas engke.
Refr. Ka Jesoes dj.-t.

3. Ka Jesoes njalindoeng, seug maneh moedji,
da lamoen rahajoe, tiasa njanji.
„Noen Panjalindoengan koe remen njata
pitoeloeng Andjeun teh taja padana."
Refr. Ka Jesoes dj. t.

## No. 17. Geura moedji.

(Lagoe Inggris)







2. Hate koering sok resep kana dosa
sanadjan Jesoes nalangan pati;
soekoer! Roh Soetji kawasana rosa,
jasa mersihkeun doegi ka soetji.
Roh sih koernia dj. t.

3. Roh Soetji teh ka koering kersa noejoen
dina ngestokeun pangersa Allah,
sangkan koe Goesti dimakboel panoehoen:
asoep sawarga, enggon noe genah.
Roh sih-koernia dj. t.

**6 - c.**

## No. 18. Poedji ka Roh Soetji.

(Lagoe: L. Borst).







2. Andjeun damar langkoeng moelja.
tjaang Andjeun bae jasa,
ngaleungitkeun noe poëk.
Bangsa-bangsa noe tjilaka,
wireh kabeh daroraka,
dianjarkeun nja hate.

3. Andjeun teh ka moerid lesoes
kersa linggih sareng loeloes,
maparin panglilipoer.
Koering oge hajang pisan
koe Andjeun teh dilinggihan,
sangkan kenging pitoetoer.

4. Andjeun pantes dibaktian
hormat sareng poepoedjian,
koering rek miloe moedji.
Ka Roh Soetji anoe moelja,
ka Poetra sareng ka Rama,
koering teh resep moedji.

## No. 19. Goesti moegi ngaberkahan.

(Lagoe : J. Haydn)



2. Seueur pisan äallahan
noe koe kapir disembah.
teu maparin kaboengahan,
moal matak berekah!
Moegi ngaberkahan, Ama,
piwoeroekna padri teh
Mana Indjil noe sasama, | 2 ×.
matak ngaleupaskeun ge.

3. Ngaleupaskeun tina dosa
anoe asal ti Setan,
noe koeatna leuwih rosa.
Koering kaget djeung heran!
Noen, Pangeran, Andjeun tea
langkoeng-langkoeng nja kiat,
sangkan ringkoes rea-rea | 2 ×.
dilesotkeun djeung pegat.

4. Moegi Pangeran ngamanah
ka panjambat koering teh;
tangtos djalma noe ibadah
ngarep ka Andjeun bae.
Bakal pada mararoedji
wireh hate sarenang,
ka Andjeun noe langkoeng soetji; | 2 ×.
sih-koernia boekti trang.

1 - c.

## No. 20. Ngoewarkeun Indjil di Tanah Pasoendan.

(Lagoe: . . ? . .)




2. Maksoedna nja eta ngoearkeun Indjil,
bedja kaboengahan ka mana-mendi,
ka Soenda, ka Djawa sarawoeh Tjong Hwa (Tjina,)
ngestoekeun timbalan Jesoes noe moelja.

3. Boh ahli garedja, boh goeroe, padri,
keur silih-bantoean kalawan radjin,
soepaja djenengan Goesti Jesoes teh
dipoedji, dihormat koe djalma kabeh.

4. Eh, doeloer, eh Kristen maraneh geura
sing ngandel ka Kristoes djeung ka djangdjina;
moen kitoe, geus tangtoe karadjan Jesoes
di Tanah Pasoendan 'ke bakal loeloes.

## No. 21. Di djro sawarga.

(Lagoe: F. Abt).




2. Di djro sawarga geus leungit tjangtjaja,
noe teu kaharti, di dinja terang,
Goesti Pangeran koe oerang sadaja,
tetep dipoedji, da hate senang. (2×).

3. Di djro sawarga papanggih djeung doeloer,
pada maroedji, njanggakeun hormat;
taja noe tjeurik di dinja, di loehoer,
sabab di doenja geus pada tobat. (2×).

4. Di djro sawarga salawasna kerta,
taja pasea, ngan aja boengah;
kitoe pinasti koe Noe Palamerta,
nja Goesti Allah, noe langkoeng moerah. (2×).

## No. 22. Goesti njarengan.

Lagoe· ( . . ? . . )




2. Sarengna moegi kersa
linggih, noen Pane-
boes,
ka koering anoe sedja
anoel saoemoer troes.

3. Noen, Goesti, Damar doenja!
moen Andjeun njaängan
ka koering, anoe wea,
hate mantep pisan.

4. Noen, Goesti, anoe soegih!
paparin koernia,
soepados koering bresih
doegi ka sampoerna.

5. Noen, Jesoes noe perkosa!
noe prantos ngelehkeun
sakabeh kwasa dosa,
simkoering koeatkeun!

6. Noen, Goesti, noe satoehoe,
ka anoe pertjaja!
koering kalawan estoe
soemedja setia.

7. Ka koering moegi noejoen
oelah petot-petot,
sanadjan koering toeroen
njorang Lebak Maot.

8. Moen koering poepoet njawa,
ka koering wartoskeun:
„Maneh teh sareng Allah
enggeus di-apihkeun!"

## No. 23. Bakal papanggih deui djeung doeloer-doeloer.

Lagoe: ( . . ? . . )









2. Lamoen doeloer di djro Kristoes,
anoe keurna di doenja
njaraäh ka Goesti Jesoes,
geus lila di sawarga,
naha eta djalma-djalma
bakal tjara ka poengkoer
njaäh keneh ka sobatna
noe ti doenja aloendoer?
Tangtoe hate bakal tenget, (3×)
tenget ka doeloer-doeloer.

3. Eh, njawa, masing salamet,
nadjan njorang kasoesah,
'ke ka doeloer bakal tenget
sarta maneh teh gerah.
Eta pangharepan maneh
masing tetep saoemoer;
tjek hate: „Di sawarga teh
bakal tepoeng djeung doeloer!"
Tangtoe hate bakal tenget, (3×)
tenget ka doeloer-doeloer.

4. Eh, sakabeh anoe mopo
tina kasoesah doenja,
doeloer maneh henteu poho!
seg tjengkat ka sawarga!
Nadjan koe maot papisah,
maneh moen toetoep oemoer,
di gedong Rama baroengah,
hiroep djeung doeloer-doeloer!
Tangtoe hate bakal tenget, (3×)
tenget ka doeloer-doeloer,

# No. 24. Njanjian sore.







2. Moending djeung sapi maroelang,
domba, embe digiring,
kabeh baralik ka kandang
ambeh heës ti peuting
Sabab ajeuna dj. t.

3. Pare noe aja di sawah,
djeung pepelakan sedjen
titipkeun ka Goesti Allah,
ka Allah anoe titen.
Sabab ajeuna dj. t.

4. Manoek noe tadi disada
ajeuna mah rarepeh,
anoe hiber ge teu aja,
da[illegible]geus mondok kabeh.
Sabab ajeuna dj. t.

5. Bentang geus tembong di loehoer.
tanda kasihna Goesti;
koering sedja moedji soekoer
ka Allah anoe soetji.
Sabab ajeuna dj. t.

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI
Tanggal : 18 JAN 2012
Item ID : 0112A534961
No. Induk : 2012001030003426
BIB-ID : 0010 - 66204360
Beli/Hadiah : HADIAH